—He understood it perfectly.	—Li te konprann li trè byen.
—He didn't understand it at all.	—Li pa te konprann li ditou.
—He understood some of it.	—Li te konprann yon pati ladan li.
How much money did he borrow from you?	Konbyen lajan li te prete nan men ou?
—He borrowed ten dollars from me.	—Li te prete didola nan men mwen.
Who did you play cards with?	Ak ki moun ou te jwe kat [la]?
—We played cards with Bill and Nancy.	—Nou jwe kat ak Bil epi ak Nannsi.
Did you watch it on TV?	Eske ou wè sa nan televizyon
—Yes, but I watched it for only fifteen minutes.	—Wi, men mwen gade li pandan kenz minit sèlman.
Did you bring your Identification Card (ID Card)?	Eske ou pote katdidantite ou?

—Yes, I brought all my papers with me.

—Wi, mwen te pote tout papye mwen yo avèk mwen.

How much money did you spend?

Konbyen lajan ou te depanse?

—I spent nearly fifty dollars.

—Mwen te depanse prèske senkant dola.

Did you try to fix it?

Eske ou te eseye ranje li?

—I tried, but I could not fix it.

—Mwen te eseye, men mwen pa te kapab ranje li.

Did someone help you do it?

Eske te gen yon moun ki ede ou fè li?

—Yes, Mike helped me do it.

—Wi, Mayk te ede mwen fè li.

Did you walk here?

Eske ou mache vini isit la?

—Yes, I walked here with Howard Smith.

—Wi, mwen mache vini isit la ak Owad Esmit.

UNIT 12
GOING PLACES

DOUZYÈM PATI
KOTE NOU PRALE

Where are you going?

—I am going to the drugstore.

—I am going shopping.

—I am going to work.

—I am going home.

—I am going for a walk.

Do you know how to get there?

—Yes, I do./No, I don't.

Excuse me. Could you show me how to get to Jefferson Street, please?

Excuse me. What's the best way to get to this address/the bank/the grocery store?

How are you going there?

—I am going to take a cab (taxi).

—I am going by bus.

—A friend will give me a ride.

Ki kote ou prale?

—Mwen prale nan farmasi.

—Mwen prale fè acha.

—Mwen prale travay.

—Mwen prale lakay.

—Mwen prale mache.

Eske ou konn kijan pou ou ale la?

—Wi, mwen konnen/non, mwen pa konnen.

Eskize m. Eske ou ta ka montre mwen kijan pou mwen ale sou ri Jefèsonn, tanpri.

Eskize m. Ki wout ki pi bon pou ale nan adrès sa a/ labank / nan makèt la?

Kijan ou prale la?

—Mwen prale pran yon taksi.

—Mwen prale pran otobis.

—Yon zanmi ap pral ban mwen yon woulib.

BEST COPY AVAILABLE

—Someone will drive me there.

—Yon moun ap kondi mwen la.

—I am going to walk.

—Mwen prale apye.

Is it far from here?

Eske li lwen ak isit la?

—Yes./No./I don't know.

—Wi/non/Mwen pa konnen.

How far is it from here?

Eske li lwen ak isit la?

—It is only three blocks from here.

—Se sèlman twa blòk de isit la etan.

—It is a long way from here.

—Li lwen ak isit la.

—It is about fifty miles from here.

—Li apeprè senkant mil de isit la.

—It is about an hour's drive from here.

—Li apeprè inèdtan nan machin de isit la .

(To a cab driver:)

(Ap pale ak yon chofè taksi:)

Greyhound Bus station, please.

Mennenm nan estasyon Bis Greaoun, tanpri.

Are you going by yourself, or with someone?

Eske ou prale poukont ou, oubyen eske ou gen moun avèk ou?

—I am going with someone.

—Mwen prale ak yon moun.

(To a police officer:)

(Ap pale ak yon polisye:)

Officer, I think I'm lost.

Ofisye, mwen panse mwen pèdi [wout mwen].

What is the best way to get to this address?

Ki meyè fason pou ale nan adrès sa a?

Can you help me?

Eske ou ka ede mwen?

I have a map.

Mwen gen yon kat.

I could not find it on this map.

Mwen pat kapab jwenn li nan kat sa a.

What is the address?

Ki adrès la?

Did you have trouble getting here?

Eske ou te gen pwoblèm pou ou vini isit la?

—No, your directions were very clear.

—Non, eksplikasyon yo te trè klè.

—No, I didn't have any trouble.

—Non, mwen pa te gen ankenn pwoblèm.

—I am afraid so.

—Mwen byen kwè sa.

Can I give you a ride somewhere?

Eske mwen ka ba ou woulib pou ale yon kote?

—If it's not too much out of your way.

—Si li pa twò lwen wout kote ou prale a.

Thanks a lot for the ride.

Mèsi anpil pou woulib la.

Goodbye.

Babay.

(To a bus driver:)

(Ap pale ak yon chofè otobis:)

Excuse me. Is this bus going downtown?

Eskize m. Eske bis sa a prale lavil?

What is the fare, please?

Konbyen kòb kous la ye, tanpri?

I would like a transfer, please.

Mwen ta renmen yon transfè, tanpri.

I am going to Omni Shopping Center. Do I get off here?

Mwen prale nan [santdacha] Omni. Eske se la a pou mwen desann?

(On the phone:)

(Nan telefòn:)

Could you send a cab to 1824 (eighteen twenty-four) Jefferson Street, please?

Eske ou ka voye yon taksi nan 1824 (dizuit vennkat) ri Jefèsonn, tanpri?

Traveling	An Vwayaj
I am going to Chicago.	Mwen prale Chikago.
How are you going?	Kijan ou prale?
—I am going by plane/train/bus.	—Mwen prale pa avyon/ tren/ otobis.
—I am riding with a friend.	—Mwen ap pran woulib ale ak yon zanmi.
—I am going to drive.	—M'ap kondui.
(At ticket window:)	(Nan gichè:)
I would like a ticket to Chicago, please.	Mwen vle yon tikè pou m ale Chikago, tanpri.
—One way or round trip?	—Ale sèlman osnon ale retou?
What gate number, please?	Ki nimewo pòt tanpri.
—Gate number five.	Pòt nimewo senk.
Excuse me. What time is the next bus to Baltimore?	Eskize m. Kilè pwochen otobis ki prale Baltimò a [ap deplase]?
Excuse me. Is this the right bus for Baltimore?	Eskize m. Eske se bis sa a ki prale Baltimò a?
Excuse me. What time is the next train to New York City?	Eskize m. Akilè pwochen tren [ki prale] Nouyòk Siti a.
Excuse me. When does Flight 714 leave, please?	Eskize m. Akilè vòl 714 ap kite, tanpri?
Is Flight 411 on time?	Eske vòl 411 la alè?
When does Flight 329 from Chicago arrive here?	Akilè vòl 329 ki ap soti Chikago a ap rive isit?
Do you have any luggage to check?	Eske ou gen malèt pou tyeke?

—Yes, I have two bags.

—Wi, mwen gen de malèt.

(On the bus:)

(Nan Otobis la)

Excuse me. When do you get to Sacramento?

Eskize m. Kilè ou ap rive Sakramento?

(On the train:)

(Nan tren an:)

Which way is the dining car/ restroom?

Kibò salamanje a/twalèt la ye?

Where is the exit?

Ki kote sòti a ye?

(At the railroad station:)

(Nan estasyon tren an:)

Excuse me. Where is the locker room?

Eskize m. Kote sal bifèt yo ye?

Where can I check this bag?

Ki kote mwen ka tyeke malèt sa a?

Where is the baggage checkout?

Kibò kote pou tyeke malèt la ye?

(To porter:)

(Ap pale ak pòtè a:)

Could you help me with the baggage?

Eske ou ka ede mwen ak malèt yo?

Useful terms	Mo itil
taxi/cab	taksi, laliy
taxicab	laliy
bus	otobis
train	tren
airplane/plane	avyon
boat	bato
car/automobile	oto/otomobil
bicycle	bisiklèt
motorcycle	motosiklèt
bus stop	arè otobis
bus station	estasyon otobis
railroad station	estasyon tren
airport	ayewopò
street	lari
avenue	avni
boulevard	boulva
road	chemen
lane/court/place	riyèl/chemen/plas
highway	otowout
freeway/expressway	Otowout /wout eksprès
turnpike	Otowout
ticket	tikè
one way ticket	tikè ale [sèlman]
round trip ticket	tikè ale retou
gate	pòt
platform	platfòm
map	kat
departures	ale
arrivals	rive
waiting room	saldatant
information booth	gichè enfòmasyon
baggage/luggage	malèt, valiz
passenger	pasaje
conductor	chofè
schedule	orè

More useful terms	**Lòt mo itil**
Immigration and Naturalization Service (INS)	Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon (INS)
employment office	biwo [pou chèche] travay
unemployment office	biwo chomaj
city hall	lakomin
police station	estasyon polis
sheriff's office	biwo cherif
real estate office	biwo [pou chèche] kay
school	lekòl
elementary school	lekòl primè
secondary school	lekòl segondè
church	legliz
hospital	lopital
post office	lapòs
Western Union office	biwo transfè Westèn Inyon
railroad station	estasyon tren
bus station	estasyon otobis
airline ticket office	Biwo pou tikè avyon
airport	ayewopò
bank	labank
hotel	otèl
motel	motèl
drugstore	fanmasi, famasi
department store	magazen
movie theater	sal sinema
drive-in-movie	otosine
five and ten store	boutik senk ak dis
hardware store	magasen materyo
bookstore	libreri
public library	bibliotèk piblik
gas station/service station	estasyon gazolin
garage	garaj
laundry	lavwa
laundromat	lavwa

dry cleaner's	dray klining
fabric store	magazen twal
shoe repair shop	kòdonye
shoe store	magazen soulye
appliance repair shop	chòp pou reparasyon fou ak frijidè
furniture store	magazen mèb
thrift shop	magazen dezyèm men
Salvation Army store	magazen Ame Disali
Goodwill Industries store	magazen Goudwil
grocery store	episri
supermarket	makèt
restaurant	restoran
cafeteria	kafeterya
delicatessen	manje delika

UNIT 13
CONVEYING INFORMATION

TRÈZYÈM PATI
BAY ENFÒMASYON

The telephone:

Excuse me. Is there a public telephone near here?

May I use your phone?

—Please do.

What is your telephone number?

—My telephone number is 362-7089.

What is the area code?

—The area code is 202.

What is the telephone number there?

Do you have his telephone number?

(Referring to a telephone directory:)

Excuse me. I'm having trouble finding the telephone number of a friend in here. Could you help me?

Hello. I would like to speak to Mr. Smith, please.

Please tell him that Mr. Anderson called. Thank you.

Telefòn:

Eskize m. Eske gen yon telefòn piblik pre isit la?

Eske mwen ka sèvi ak telefòn ou an?

—Ou te mèt

Ki nimewo telefòn ou?

—Nimewo telefòn mwen an se 362-7089.

Ki kòd rejyonal la?

—Kòd rejyonal la se 202.

Ki nimewo telefòn nan laba a?

Eske ou gen nimewo telefòn li?

(An palan de yon liv telefòn:)

Eskize m. Mwen gen difikilte jwenn nimewo telefòn yon zanmi mwen. Eske ou ka ede mwen?

Alo. Mwen ta renmen pale ak Msye Esmit, tanpri.

Tanpri di li Msye Andèsonn te rele. Mèsi.

Please ask him to call me at 362-4980.

Tanpri, mande li pou li rele mwen nan 362-4980.

Is this your home phone number?

Eske se nimewo [lakay] ou?

Is this your office phone number?

Eske se nimewo biwo ou?

(To a telephone operator:)

(ap pale ak operatè telefòn nan:)

Operator? I am looking for the number of Jan Berger.

Operatè? Mwen ap chèche nimewo Jan Bèje.

His family name is Berger, spelled B-E-R-G-E-R. His first name is John, spelled J-A-N.

Siyati li se Bèje, yo eple li B-E-J-E. Prenon li se Jan, yo eple li J-A-N.

Operator, I would like to make a long distance call to Philadelphia, Pennsylvania.

Operatè, mwen ta renmen fè yon apèl long distans Filadèlfi, Pennsilvani.

The person I am calling is___.

Moun mwen ap rele a se_____.

His number is___.

Nimewo li se _____.

My name is___.

Non mwen se _____.

This is a person-to-person call.

Se yon apèl pèsonèl li ye.

This is a station-to-station call.

Se yon apèl pou nenpòt ki moun ki reponn.

This is a collect call.

Se yon apèl kòlèk.

I'm sorry ... I think I've got the wrong number.

Mwen regrèt sa. Mwen fè yon move nimewo.

I'm sorry. There's no one here by that name. I think you've got the wrong number.

Mwen regrèt sa. Pa gen ankenn moun isit la ki rele konsa. Ou fè move nimewo.

The line is busy.

Liy nan okipe.

No one answered.

Pa gen repons.

The Western Union office:	**Biwo transfè Westèn Inyon:**
Where is the nearest Western Union office?	Kibò biwo Westèn Inyon ki pi pre a ye la a?
I would like to send a telegram to ___, please.	Mwen ta renmen voye yon telegram pou _____ tanpri.
I would like to send a telegram to ___ by the least expensive way possible.	Mwen ta renmen voye yon telegram mwayen ki pi bon mache posib la.
What is the minimum charge?	Konbyen kòb minimòm ou mande?
This is the text of the telegram.	Men pawòl mwen vle di nan telegram nan.
How much would I have to pay?	Konbyen kòb mwen ap gen pou mwen peye?
How long will it take to get there?	Konbyen tan li ape pran pou li rive laba a?
The post office:	**Biwo Lapòs:**
Is there a post office near here?	Eske gen yon biwo lapòs pre isit la?
Where is the nearest post office?	Kibò biwo Lapòs ki pi pre a ye?
How much postage does this letter need, please?	Ki kantite tenb lèt sa a bezwen, tanpri.
I would like to send this letter by Special Delivery.	Mwen ta renmen voye lèt sa a Livrezon Espesyal.
I would like to send this by Registered Mail.	Mwen ta renmen voye sa a lèt rekòmande.
I would like to send this package to ___.	Mwen ta renmen voye pake sa a pou_____.
I would like to have five air letters.	Mwen ta renmen genyen senk lèt pa avyon.

I would like to have a book of 29-cent stamps, please.

Mwen ta renmen gen yon liv tenb 29 kòb, tanpri.

Do I need more postage on this letter?

Eske mwen bezwen plis tenb pou lèt sa a?

I would like to buy a money order for fifty dollars, please.

Mwen ta renmen achte yon chèk sètifye senkant dola, tanpri.

How much does it cost by regular mail/airmail?

Konbyen sa ap koute pa lapòs regilye/pa avyon?

I want to see a doctor.

Mwen vle wè yon doktè.

I want to go to the hospital.

Mwen vle ale lopital.

Can you call an ambulance for me?

Eske ou ka rele yon anbilans pou mèn?

(On the telephone:)

(Nan telefòn:)

Operator, this is a medical emergency. Can you help me?

Operatè, sa se yon ijans medikal. Eske ou ka ede mwen?

Are you all right?

Eske ou oke?

—I don't know. I think I sprained my ankle.

—Mwen pa konnen. Mwen panse mwen foule talon mwen.

Are you hurt?

Eske ou gen doulè?

—No, I'm all right, thank you.

—Non, mwen oke, mèsi.

(On the phone:)

(Nan telefòn:)

I would like to make an appointment with Doctor Clark, please.

Mwen ta renmen gen yon randevou ak Doktè Klak, tanpri.

(To a friend:)

(Ak yon zanmi:)

I need to see a doctor. Can you recommend one?

Mwen bezwen wè yon doktè. Eske ou ka rekòmande mwen youn?

What seems to be the trouble?

Ki jan de pwoblèm?

—I have a pain right here, doctor.

—Mwen gen yon doulè la a, doktè.

—I have a pain in my leg/stomach/ chest.	—Mwen gen yon doulè nan janm/ lestomak/kòf lestomak.
How do you feel?	Kijan ou santi ou?
—Not very well, doctor.	—Mwen pa santi mwen trè byen, doktè.
—I have a fever.	—Mwen gen lafyèv.
—I have a bad cough.	—Mwen gen yon gwo tous.
—I have a cold.	—Mwen pran yon grip.
—I feel tired.	—Mwen santi mwen fatige.
—I don't sleep too well.	—Mwen pa dòmi byen ase.
—I have no appetite.	—Mwen pa gen apeti ditou.
Have you ever had this before?	Eske ou janm te gen sa anvan?
—No, I have never had this before.	—Non, mwen pa janm te gen sa anvan.
How long have you had this?	Depi konbyen tan ou gen sa?
—I have been like this for two days.	—Mwen konsa depi de jou.
Are you taking any medicine?	Eske ou ap pran medikaman?
—No, I am not.	—Non, mwen pap pran ankenn medikaman.
Do you have health insurance?	Eske ou gen asirans sante?
—Yes, I do.	—Wi, mwen genyen.
—No, I don't.	—Non, mwen pa genyen.
Is it serious, doctor?	Eske li grav, doktè?
Do I have to stay home from work?	Eske se pou mwen rete lakay, pa ale travay?

About how long will I have to stay in bed?

Pandan konbyen tan konsa pou mwen rete nan kabann?

Do I need a special diet?

Eske mwen bezwen yon dyèt espesyal?

Do I have to come back and see you again, doctor?

Eske mwen dwe tounen vin wè ou ankò, doktè?

Do you understand the instructions on the label?

Eske ou konprann esplikasyon ki [ekri] sou etikèt la?

—Yes, I do ... But I will ask a friend to make sure.

—Wi, mwen konprann li... Men, mwen pral mande yon zanmi pou mwen ka si.

This is a good idea. You have to be very careful with medicines.

Sa se yon bon lide. Ou dwe pran anpil prekosyon ak medikaman.

Do you need a prescription for this?

Eske ou bezwen yon preskripsyon pou sa a?

Is there a drugstore/pharmacy near here?

Eske gen yon famasi pre ak isit la?

(To pharmacist:)

(Ak Famasyen an:)

Do you have anything for a cough?

Eske ou gen kichòy pou touss?

Do you have anything for a sore throat?

Eske ou gen medikaman pou malgòj?

I would like a receipt for it, please.

Mwen ta renmen yon resi pou li, tanpri.

Common health problems : Pwoblèm sante ki kouran

pain	doulè	asthma	opresyon
common cold	refwadisman	diarrhea	dyare
headache	maltèt	stroke	estwòk
stomachache	doulè lestomak	heart attack	atak kè/kriz kadyak
toothache	maldan	ulcer	ilsè
flu	grip	allergy	alèji
cough	tous	tuberculosis (TB)	tibèkiloz (tebe)
constipation	konstipasyon	cancer	kansè
arthritis	atrit		

Names of some body parts : Non kèk pati nan kò [moun]

head	tèt	wrist	koud
hair	cheve	hand	men
forehead	fwon	finger	dwèt
face	figi	fingernail	zong
eyes	zye	chest	lestomak
ears	zòrèy	back	do
nose	nen	waist	senti
mouth	bouch	abdomen	vant
teeth	dan	muscle	mis
tongue	lang	heart	kè
neck	kou	blood	san
hips	senti	intestines	trip
leg	janm	liver	fwa
knee	jenou	lungs	poumon
ankle	talon	toenail	zong pye
foot	pye	skin	po
toe	zòtèy	bones	zo
shoulder	zèpòl	stomach	lestomak
arm	bra	kidneys	ren
elbow	koud	bladder	blad pipi

Names of some useful medical specialists
Non kèk espesyalis medikal [ki ka] itil

doctor/physician	doktè	pediatrician	pedyat
gynecologist	jinekolojis	ophthalmologist	oftalmolojis
obstetrician	obstetrisyen	cardiologist	kadyolojis
surgeon	chirijyen	psychologist	sikolojis
pharmacist	famasyen	psychiatrist	sikyat
dentist	dantis		

UNIT 15
FOOD

KENZYÈM PATI
MANJE



I am hungry.

Are you hungry?

—No, I am not hungry.

Is there a restaurant around here?

This food is delicious.

Do you like it?

—Yes, it's very good. I like it very much.

—It's O.K.

—I'm sorry, I can't eat it. I'm not used to it.

Please have some more.

—No, thank you. I've had enough.

Would you like something to eat?

—No, thank you. I've already eaten.

Would you care for something to drink?

—May I have a glass of juice/milk?

Mwen grangou.

Eske ou grangou?

—Non, mwen pa grangou.

Eske gen yon restoran bò isit la?

Manje sa a bon.

Ou renmen li?

—Wi, li bon anpil. Mwen renmen li anpil.

—Li oke.

—Mwen regrèt sa. Mwen pa kapab manje li. Mwen pa abitwe avèk li.

Tanpri, pran plis ankò.

—Non mèsi. Mwen te pran ase.

Eske ou ta renmen yon bagay pou ou manje?

—Non, mèsi. Mwen te manje deja.

Eske ou ta renmen yon bagay pou ou bwè?

—Eske mwen ka jwenn yon vè ji/lèt?

—May I have a cup of coffee?	—Eske mwen ka jwenn yon tas kafe?
How about a gin and tonic?	[Eske ou ta vle] jin ak tonik?
—No, thanks. I don't drink.	—Non, mèsi. Mwen pa bwè [alkòl].
Have you had breakfast yet?	Eske ou pran dejene deja?
—Yes, I have.	—Wi, mwen pran [dejene] deja.
Have you had lunch yet?	Eske ou pran manje midi deja?
—No, I haven't.	—Non, mwen poko.
Have you had dinner yet?	Eske ou soupe deja?
Would you like a cup of coffee?	Eske ou ta renmen yon tas kafe?
—Yes, thank you.	—Wi, mèsi.
With or without sugar?	Avèk osnon san sik?
—With sugar.	—Ak sik.
Is there a good restaurant near here?	Eske gen yon bon restoran pre bò isit la?
In a restaurant/cafeteria:	**Nan restoran/kafeterya:**
I'd like a cup of hot tea.	Mwen ta renmen yon tas te cho.
I'd like a ham sandwich and a glass of milk.	Mwen ta renmen yon sandwich janbon ak yon vè lèt.
I'll have two fried eggs and toast.	Mwen ap pran de ze fri ak pen griye.
How would you like your eggs?	Kouman ou ta renmen ze ou a?
—I would like them soft-boiled/ scrambled/fried.	—Mwen ta renmen yo bouyi mou/ melanje/fri.
I would like a small Coke.	Mwen ta renmen yon ti [vè] koka.

I want a bowl of chicken soup.	Mwen vle yon bòl soup poul.
Would you like an appetizer?	Eske ou ta vle yon aperitif?
Do you want a salad?	Eske ou vle yon salad?
I want a hamburger.	Mwen vle yon anmbègè.
I want a cheeseburger.	Mwen vle yon chizbègè.
Give me two scoops of ice cream. I want vanilla/chocolate/strawberry.	Ban mwen de louch krèm. Mwen vle vaniy/chokola/frèz.
Would you like some dessert?	Eske ou ta renmen enpe desè?
—Yes, I would like some rice pudding.	—Wi, mwen ta renmen poudin diri.
Where do I pay?	Ki kote pou mwen peye?
—Pay at the cashier.	—Peye nan kès la.

COMMON FOODS IN THE U.S.
MANGE KI KOURAN OZETAZINI

Meat and poultry	Vyann ak poul
beef	bèf
steak	biftèk
pork	kochon
chicken	poul
lamb	timouton
veal	vo
duck	kana
turkey	kodenn
ham	janbon
sausage	sosis

Seafood	Manje lanmè
fish	Pwason
shrimp	krevèt
crab	krab
lobster	oma
trout	twit
sardine	sadin
tuna fish	ton
oyster	zuit
clam	paloud

Spices and seasonings	Epis ak asezonman
parsley	pèsi
onion	zonyon
garlic	lay
red pepper	piman wouj
black pepper	pwav
salt	sèl
sugar	sik
brown sugar	sik wouj
ginger	jenjanm
cinnamon	kanèl
catsup	sòs tomat
mustard	moutad
mayonnaise	mayonèz
dill	dil
paprika	paprika
caraway	karawe
poppy seed	pavo

Grains, cereals, and nuts	Grenn, sereyal ak nwa
bread	pen
flour	farin
buckwheat	[translate or delete]
rye	sèg
sesame	wowoli
rice	diri
oatmeal	avwann
cream of wheat	crèm ble
breakfast cereal	sereyal sèk tou pare
pancakes	krèp
dumplings	doumbwèy
cookies	bonbon
crackers	biskwit sèk
peanuts	pistach
hazelnuts	nwa
walnuts	nwa

Dairy products	Pwodwi ki fèt ak lèt
egg	ze
milk	lèt
cheese	fwonmaj
butter	bè
cream	Krèm
ice cream	Krèm glase
yogurt	yogout
sour cream	krèm si
buttermilk	krèmlèt

Beverages	Bwason
coffee	kafe
tea	te
juice	ji
soda	kola
beer	byè
wine	diven
liquor	likè

Vegetables	Legim
cabbage	chou
cauliflower	chouflè
celery	seleri
broccoli	bwokoli
lettuce	leti
spinach	zepina
carrots	kawòt
asparagus	aspèj
beans	pwa
mushrooms	dyondyon
radish	radi
cucumber	konkonb
tomato	tomat
beets	bètrav
eggplant	berejèn
green pepper	piman vèt
string beans	pwa tann/pois
peas	pwa
lima beans	pwatchous
corn	mayi
pumpkin	joumou
potatoes	pòmtè
sweet potatoes	patate
sauerkraut	chou nan vinèg
soy beans	pwa soya

Fruits	Fwi
apple	pòm
orange	zoranj
tangerine	tanjerin
banana	fig
peach	pèch
apricot	zabriko
pear	pwa
plum	ploum
cantaloupe	melon frans
honeydew melon	melon espay
watermelon	melon
grapes	rezen
raisins	rezen sèk
grapefruit	chadèk
lemon	sitwon
lime	sitwon vèt
cherry	seriz
strawberry	frèz
pineapple	anana

UNIT 16
CLOTHING

SÈZYÈM PATI
RAD

Buying clothes:

May I help you?

—I would like to buy a sport shirt.

—I would like to buy a blouse.

What's your size?

—I am sorry, but I don't know my size. Can you take my measurements?

Can I try it on?

Where can I try this on?

It is too large.

Do you have smaller sizes?

It is too small.

Do you have larger sizes?

It is too tight at the waist.

The sleeves are too long.

Do you do alterations?

Achte rad:

Eske mwen ka ede ou?

—Mwen ta renmen achte yon chemiz espò [jip estil relaks]

—Mwen ta renmen achte yon kòsaj.

Ki gwosè rad ou mete?

—Mwen regrèt sa, men mwen pa konnen gwosè [rad] mwen. Eske ou ka pran mezi mwen?

Eske mwen ka eseye li?

Ki kote mwen ka eseye sa a?

Li twò gwo.

Eske ou gen gwosè ki pi piti?

Li twò piti.

Eske ou gen gwosè ki pi gwo?

Li twò sere nan senti a.

Manch yo twò long.

Eske ou ranje rad tou?

Do you charge extra for alterations?	Eske ou fè peye anplis pou ranje [rad la] a?
When will it be ready?	Kilè li ap pare?
This size fits me O.K. (well).	Gwosè sa a chita byen sou mwen .
Does this have to be drycleaned?	Eske fòk li netwaye nan drayklinin?
Can you wash this at home?	Eske ou ka lave sa a lakay?
Does this have to be handwashed?	Eske sa a fèt pou lave alamen?
Is this machine-washable?	Eske sa a ka lave nan machinalave?
Does this have to be ironed?	Eske sa a ap bezwen pase?
This is too expensive. I would like something cheaper.	Sa a twò chè. Mwen ta pito yon bagay ki pi bonmache.
This is a little too fancy for me.	Sa a yon tijan twò bwòdè pou mwen.
Is this on sale?	Eske sa a an likidasyon?
What was the regular price?	Ki pri regilye li te ye?

Some items of clothing : Kèk rad

suit	kostim	pajamas	pijama
vest	vès	shorts	bout pantalon
coat	manto	bathrobe	wòbdechanm
overcoat	padsi	sweater	mayo
raincoat	padsi	scarf	foula
shirt	chemiz	jeans	pantalon abako
T-shirt	chemizèt	pants/slacks	pantalon
underwear	pantalèt/ kalson/ jipon/ soutyen	jacket	jakèt

Men's clothing	**Rad gason**
trousers	pantalon
shirt	chemiz
tie	kravat
bow tie	wozèt
undershirt	chemizèt
briefs	kalson

Women's clothing	**Rad fi**
skirt	jip
blouse	kòsaj
dress	rad
scarf	foula
bra	soutyen
panties	ba
slip	kilòt
stockings/hose	ba
pantyhose	ba kilòt
nightgown	chemizdenwit
housecoat	moumou
tights	pantalon plake

Footwear	**Pou pye**
shoes	soulye
boots	bòt
slippers	pantouf
sandals	sandal
tennis shoes	tenis
sneakers	tenis
socks	chosèt
stockings	gwo chosèt

Other personal items	**Lòt atik pèsonèl**
hat	chapo
cap	kapichon
comb	peny
purse	bous
tote-bag	sak
book-bag	sak liv
"fanny pack"	[transl or delete]
watch	mont
glasses	linèt
sun glasses	linèt solèy
belt	sentiwon
wallet	bous
cuff links	bouton pwayè
tie clip	pens kravat
handkerchief	mouchwa
hair-brush	bwòs tèt
diaper	kouchèt
suitcase	malèt
umbrella	parapli
jewelry	bijou
ring	bag
necklace	chenn
bracelet	braslè
chain	chenn
earrings	zanno

Cleaning clothes:

(At the drycleaner's:)

I would like this drycleaned.

No starch on the shirts, please.

I would like to have it Friday afternoon. Is that possible?

When will it be ready?

Is there a laundromat around here?

(At the laundromat:)

How much money do you have to put in the washing machine?

About how much is a load?

Excuse me. How do you operate this machine?

How much soap should you use for one load?

When do you add soap?

What kind of detergent do you use?

About how long will it take?

Excuse me. Are you using this machine?

Netwayaj rad:

(Nan dray-klinin:)

Mwen ta renmen drayklin sa a.

Pa mete lanmidon nan chemiz yo, tanpri.

Mwen ta renmen genyen li vandredi apremidi. Eske sa posib?

Kilè li ap pare?

Eske gen yon lavwa bò isit la?

(Nan lavwa a:)

Konbyen lajan ou dwe mete nan machinalave a?

Apeprè ki kantite [rad] pou mete nan machin nan?

Eskize m. Kijan ou fè machin sa a mache?

Ki kantite savon pou mete pou yon lesiv?

Kilè pou moun mete savon an?

Ki kalite detèjan ou sèvi?

Konbyen tan konsa li ka pran?

Eskize m. Eske ou ap sèvi ak machin sa a?

Sewing clothes:	**Kouti:**
Is there a fabric store around here?	Eske gen yon magazen twal bò isit la?
I need some thread.	Mwen bezwen enpe fil.
I need some needles.	Mwen bezwen kèk zegwi.
Where are the pattern books?	Kote liv patwon yo ye?
How much is a yard of this material?	Konbyen kòb yon yad nan twal sa a koute?

Useful terms	**Mo itil**
sewing machine	machinakoud
fabric	twal
tape measure	santimèt
button	bouton
zipper	zip
hooks and eyes	agraf
wool	lenn
cotton	koton
silk	swa
nylon	naylonn
lining	doubli
pattern	patwon

UNIT 17
HOUSING

DISETYÈM PATI
KAY



Renting a place to live:	**Lwe yon kote pou ou rete:**
I need an apartment for a family of four.	Mwen bezwen yon apatman pou [yon fanmi ki gen] kat [moun].
Is it furnished?	Eske li tou meble?
How much is the rent?	Konbyen kòb lwaye a ye?
Is there a laundry room in the building?	Eske gen yon pyès ak machinalave nan bilding nan?
Where is the manager's office, please?	Kote biwo manadjè a?
Are the utilities included in the rent?	Eske sèvis dlo, elektrisite ak gaz nan pri lwaye a?
I would like to show the lease to a friend before signing it. Will that be all right?	Mwen ta renmen montre yon zanmi mwen kontra lwaye a anvan mwen siyen li. Eske ou dakò ak sa?
Do I have to make a deposit?	Eske fòk mwen fè yon depo?
Is there parking reserved for tenants?	Eske gen pakinn rezève pou lokatè yo?
Is there free parking?	Eske gen pakinn gratis?
I would like to see the manager, please.	Mwen ta renmen wè manadjè a, tanpri.
I have a complaint to make.	Mwen gen yon plent pou mwen fè.
How many bedrooms are there?	Konbyen chanmakouche ki genyen ?

How many bathrooms are there?	Konbyen twalèt ki genyen?
Is it near a school?	Eske li pre ak yon lekòl?
Is it near a bus line?	Eske li pre ak wout otobis?
Is there central air-conditioning?	Eske gen èkondisyone a santral?
Is it near a shopping center?	Eske li pre ak yon santdacha?
Checking into a hotel:	**Ap pran yon cham lotèl:**
I would like a single room.	Mwen ta renmen yon charm pou yon moun.
I would like a double room.	Mwen ta renmen yon charm doub.
How much is it for a day?	Konbyen li koute pa jou?
What is the checkout time?	A kilè pou moun renmèt kle charm nan?

A house : Yon kay

entrance	antre
hall	koulwa
living room	salon
bedroom	chanm
dining room	salamanje
kitchen	kizin
bathroom	twalèt
floor	planche
door	pòt
window	fenèt
stairway	eskalye
venetian blind	jalouzi
window shade	rido
radiator	radyatè
furnace	fwaye
recreation room	sal rekreyasyon
fireplace	fwaye
screened porch	galri ak til
closet	plaka
attic	fetay
linen closet	pandri
basement	sousòl
utility room	pyès pou netwayaj
garage	garaj
front yard	devan kay
back yard	dèyè kay
garden	jaden
patio	galri deyè kay
tool shed	depo zouti
upstairs	etaj anwo
downstairs	etaj anba
roof	twati
wall	mi
mantelpiece	nap
shower	douch
water heater	tank dlo cho
washing machine/ (clothes) washer	machinalave
dryer	sechwa
laundry tub	benywa
fuse box	bwat fizib
water meter	kontè dlo
gas meter	kontè [pou] gaz
electric meter	kontè elektrisite
stove	rechò
oven	fou
refrigerator	frijidè
kitchen sink	lavabo kizin
kitchen cabinet	bifèt kizin
dishwasher	machin [pou lave] asyèt
garbage disposal	veso pou mete fatra
pantry	bifèt
bathtub	basen
washbowl	lavabo
toilet bowl	bòl twalèt
medicine cabinet	plaka medikaman
towel rack	sipò pou sèvyèt
toilet seat	chèz watè
faucet	tiyo nan kizin

Furnishing a house : Meble yon kay

furniture	mèb	pots	chodyè
table	tab	pans	kaswòl
coffee table	tab salon	frying pan	kaswòl
chair	chèz	saucepan	kaswòl
armchair	fotèy	kettle	bonm
sofa	sofa	coffeepot	kafetyè
rug	tapi	teapot	teyè
lamp	lanp	can opener	kle bwat
curtain	rido	bottle opener	klekola
mirror	glas	corkscrew	tounikè
dresser	bifèt	silverware	ajantri
bed	kabann	fork	fouchèt
double bed	kabann doub	spoon	kiyè
single bed	kabann senp	knife	kouto
mattress	matla	dishes	asyèt
box spring	somye	plate	plat
sheet	dra	cup	tas
blanket	kouvreli	mug	gwo tas
bedspread	kouvreli	saucer	soukoup
pillow	zòrye	bowl	bòl
pillowcase	sak zòrye	glass	vè
shower curtain	rido saldeben	tray	kabare
hairbrush	bwòs cheve	salt and pepper shakers	salyè ak pwavriye
razor	razwa		
bath soap	savon deben	vacuum cleaner	aspiratè
toothbrush	bwòsadan	broom	bale
toothpaste	pat dantifris	dustpan	ramaskras
comb	peny	mop	mop
bath towel	sèvyèt deben	wastebasket	pànye fatra
face towel	debabouyèt	disinfectant	dezenfektan
kitchen towel	sèvyèt kizin	brush	bwòs
dishtowel	sèvyèt asyèt	dust cloth	twal siye
tablecloth	tapi tab	garbage can	pànye fatra
napkin	napkinn	detergent	detèjan

Household repair:	**Reparasyon nan kay:**
It doesn't work.	Li pa mache.
What's wrong with it?	Ki pwoblèm li genyen?
—It doesn't start.	—Li pa estat.
It broke down.	Li an pàn.
It's broken.	Li kraze.
Can you fix it?	Eske ou ka repare li?
Does something need to be replaced?	Eske gen pyès ki dwe chanje?
How much would it cost to fix it?	Konbyen sa ka koute pou ranje li?
Does that cover both parts and labor?	Eske se pou pyès ak mendèv ansanm?
I think I can fix this myself.	Mwen panse mwen ka ranje sa a poukont mwen.
Would a hardware store have it?	Eske yon magazen materyo ap genyen li?
Is there a hardware store nearby?	Eske gen yon materyo pre isit la?
I want to get a hammer and some nails.	Mwen vle achte yon mato ak enpe klou.
(Showing the hardware clerk a worn-out part:)	(Ap montre yon anplwaye nan magazen an yon pyès ki pa bon:)
Excuse me. Where can I get a replacement for this?	Eskize m. Ki kote mwen ka jwenn pyès pou mwen ranplase sa a?
I would like to return this. It is the wrong size.	Mwen ta renmen retounen sa a. gwosè a pa bon.
I would like to exchange this for another one, please. This is the wrong size. It is too small/big.	Mwen ta renmen chanje sa a pou yon lòt, tanpri. Sa a se pa bon gwosè a. Li twò piti/gwo.

Basic household tools	**Zouti ki nan yon kay**
hammer	mato
(pair of) pliers	pens
screwdriver	tounavis
saw	si
chisel	sizo bwa
drill	vilbreken
wrench	kle
flashlight	flash
paintbrush	penso

Useful items	**Lòt bagay itil**
light bulb	anpoul
key	kle
lock	kadna
fuse	fizib
water faucet	tèt tiyo
glue	lakòl
sandpaper	papye-sable
extension cord	ralonj
nail	klou
screw	vis
nut	boulon
bolt	ekwou
tape	tep
lubricating oil	lwil pou grese
paint	penti
turpentine	gaz blan

UNIT 18
JOBS

I am looking for a job.

I am out of work.

I do not have a job.

I am applying for a job.

Can you help me find a job?

I am going to a job interview. Can you go with me?

What was your occupation before you came to the U.S.?

—I was a government official.

—I was in the military.

—I was a student.

—I was a ... (profession)

—I worked for ... (name of organanization)

How long did you work at that job?

DIZUITYÈM PATI
TRAVAY

Mwen ap chèche yon djòb.

Mwen pa nan travay.

Mwen pa gen yon djòb.

Mwen ap fè aplikasyon pou yon djòb.

Eske ou ka ede mwen jwenn yon djòb?

Mwen pral nan yon entèvyou pou yon djòb. Eske ou kapab ale avèk mwen?

Kisa ou te konn fè anvan ou te vini Ozetazini?

—Mwen te ap travay nan leta.

—Mwen te nan lame.

—Mwen te yon etidyan.

—Mwen te yon ..... (metye).

—Mwen te travay pou .... (non òganizasyon an).

Konbyen tan ou te travay nan djòb sa a?

—I worked at that job for six years.	—Mwen te travay nan djòb sa a pandan sizan.
How much does this job pay?	Konbyen kòb ou te touche nan djòb sa a?
What are the working hours?	Ki orè travay la?
Do you get paid every week or every other week?	Eske yo peye chak semèn osnon chak de semèn?
Besides the salary, are there any benefits included with the job?	Anplis apwentman an, èske gen lòt benefis nan djòb la?
What about sick leave and vacation time?	Eske gen jou konje maladi ak vakans?
Who will be my direct supervisor?	Ki moun ki ap sipèvizè mwen?
When can you let me know?	Kilè ou ap ban m repons?
I would like a little time to think about it.	Mwen ta renmen gen yon ti tan pou mwen reflechi sou sa.
When do I have to let you know?	Kilè pou mwen ba ou yon repons?
Is this a full-time or a part-time job?	Eske se yon djòb tanplen osnon demitan?

Occupations and Jobs : Metye ak Djòb

accountant	kontab	bricklayer	bòs mason
architect	achitèk	cabinetmaker	ebenis
auto mechanic	mekanisyen	carpenter	chapantye
babysitter	gadyen timoun	cashier	kesyè
baker	boulanje	chauffeur	chofè
bartender	bamann	chemist	chimis
blacksmith	fèblantye	clerk	sekretè
bookbinder	relyè	clerk-typist	daktilograf
bookkeeper	asistan kontab	cook	kizinyè

deliveryman	livrè
dentist	dantis
dietician	dyetetis
draftsman	desinatè teknik
dressmaker	koutiryè
doctor	doktè
economist	ekonomis
electrician	elektrisyen
engineer	enjenyè
farmer	kiltivatè
fashion model	modèl
foreman	fòmann
hairdresser	kwafèz
housekeeper	menajè
interpreter	intèprètè
janitor	gason
journalist	jounalis
lab technician	teknisyen laboratwa
lathe operator	operatè
laundryman	lesivè
lawyer	avoka
locksmith	teknisyen seri
machinist	machinis
maid	bòn
miner	travayè min
mover	pòtè
newspaper boy	pòtè jounal
night watchman	wachman.
nurse	enfimyè
(telephone) operator	telefònis
optician	optisyen
painter	bòs pent
pharmacist	famasyen
photographer	fotograf
physicist	fizisyen
plumber	plonbye
printer	enprimè
professor	pwofesè
radio technician	radyomann
researcher	moun ki ap fè rechèch
restaurant manager	manadjè restoran
scientist	syantis
shipping clerk	anbalè
stock clerk	anplwaye depo
supervisor	sipèvizè
tailor	tayè
teacher	pwofesè
translator	entèprèt
truck driver	chofè kamyon
TV repairman	radyomann
typist	daktilograf
upholsterer	moun ki konn kouvri chèz
waiter	sèvè
waitress	sèvèz
watchmaker	òloje
welder	soudè
word processor [person]	operate òdinatè
yardman	gason lakou

UNIT 19
ABOUT SCHOOLS

DIZNEVYÈM PATI
KOZE LEKÒL



Is there a <u>school</u> in this area?	Eske gen yon <u>lekòl</u> bò isit la?
What kind of school is it?	Ki kalite lekòl li ye?
—It's an elementary school.	—Se yon lekòl primè.
—It's a junior high/intermediate school.	—Se yon lekòl sizyèm jiska katriyèm segondè.
—It's a high school.	—Se yon lekòl twazyèm jiska bakaloreya.
—It's a nursery school.	—Se yon jadendanfan.
—It's a kindergarten.	—Se yon jadendanfan.
Is it a public school?	Eske se yon lekòl leta?
—Yes, it is.	—Wi, se yon lekòl leta.
—No, it's a private school.	—Non, se yon lekòl prive.
—No, it's a parochial school.	—Non, se yon lekòl mè/pè.
I would like to see the <u>principal</u>, please.	Mwen ta renmen wè <u>direktè</u> a, tanpri.
I am anxious for my children to resume their schooling.	Mwen pa ka tann pou mwen wè timoun mwen yo kòmanse lekòl.
I would like to <u>enroll</u> them in school.	Mwen ta renmen <u>enskri</u> yo lekòl.

I would like to register my son Robert.	Mwen ta renmen enskri Wobè, pitit mwen an.
Do you have to pay for the tuition?	Eske se pou moun peye pou ekolaj?
He has attended school in Haiti.	Li te ale lekòl Annayiti.
He has had ___ years in school.	Li te pase ___ ane lekòl.
This is his school transcript.	Men kànè lekòl li yo.
What grade should he be in?	Nan ki klas pou li ta ye?
He needs a lot of tutoring in English.	Li bezwen anpil leson patikilye pou Angle.
I would like to get acquainted with his teacher.	Mwen ta renmen vin konnen pwofesè li a.
Robert was very good in math.	Wobè te bon anpil nan matematik.
It will be some time before he is fully adjusted.	Sa ap pran tan anvan li vin adapte konplètman.
Are there school buses?	Eske gen otobis pou elèv yo?
Where should he wait for the bus?	Ki kote pou li tann otobis la?
What time should he be there?	Akilè pou li la?
What about school supplies? Does the school provide them?	Sou koze founiti klasik? Eske lekòl la bay yo?
What school supplies do I have to buy for him?	Ki founiti klasik mwen ap gen pou mwen achte pou li?
Does he have to bring his lunch to school?	Eske se li ki pou pote manje midi li lekòl la?
Robert was absent yesterday because he was sick?	Wobè te absan [lekòl] yè paske li te malad.

Can the school help him learn more English?

Eske lekòl la kapab ede li aprann plis Angle?

I cannot help him with homework assigments.

Mwen pa kapab ede li ak devwa li yo.

My children need to learn English. Can you recommend a textbook?

Pitit mwen yo bezwen aprann Angle. Eske ou ka rekòmande mwen yon liv?

I would like to know more about the school system in the U.S. Can you help me?

Mwen ta renmen konnen plis sou sistèm lekòl Ozetazini an. Eske ou ka ede mwen?

I would appreciate very much any help you can give my children in school.

Mwen ta apresye anpil nenpòt ki èd ou ka bay timoun mwen yo nan lekòl la.

I would like to know how my children are doing in school.

Mwen ta renmen konnen kijan timoun mwen yo ap travay lekòl.

Useful Terms : Kèk mo ki ka itil nou

pen	plim
ink	lank
pencil	kreyon
eraser	gòm
paper	papye
colored crayons	kreyon koulè
chalk	lakre
ruler	règ
colored pencils	kreyon koulè
book	liv
notebook	kaye
textbook	liv
bookbag	sak liv
lunch box	bwat manje
principal	prensipal [direktè]
teacher	pwofesè
student	elèv
classmate	timoun ki nan menm klas
friend	zanmi
classroom	klas
laboratory	laboratwa
cafeteria	kafeterya
library	bibliotèk
principal's office	biwo direktè
registrar's office	biwo enskripsyon
athletic field	teren espò
playground	teren jwèt
day care center	gadri
recess	rekreyasyon
lunch recess	tan lib amidi
schedule of classes	orè kou
subject	matyè
test/examination	tès/ egzamen
semester	semès
school term	ane eskolè
holiday	konje
summer vacation	gran vakans
attendance	apèl
curriculum	pwogram
course	kou
credit	kredi
graduation notice	anons gradiyasyon
report card	kanè
grade	nòt
good grades	bòn nòt
bad grades	move nòt
first grade	premyè ane
second grade	dezyèm ane
third grade	twazyèm ane
fourth grade	katriyèm ane
fifth grade	senkyèm ane
sixth grade class	sizyèm ane
seventh grade	setyèm ane
eighth grade	uityèm ane
ninth grade	nevyèm ane
tenth grade	dizyèm ane
eleventh grade	onzyèm ane
twelfth grade	douzyèm ane
school district	distri eskolè
PTA (Parent–Teacher Association)	PTA [Asosiyasyon paran ak pwofesè]
PTA meeting	reyinyon PTA

USEFUL WORD LIST, ENGLISH–KREYÒL
LIS MO ITIL ANGLE–KREYÒL

A

ABLE	kapab
ABOUT	osijè
ABOVE	anlè, anwo
ABSENT	absan
ACCEPT	aksepte
ACCIDENT	aksidan
ACCOUNT	kont
ACCOUNTANT	kontab
ACQUAINT	enfòme
ACROSS	anfas, antravè zak
ACT	zak
ACTION	aksyon
ADD	ajoute
ADDRESS	adrès
ADJUST	ajuste
ADVANTAGE	avantaj
ADVERTIZE	reklam
ADVICE	konsèy
ADVISE	konseye
AFRAID	pè
AFTER	apre
AFTERNOON	apremidi
AGAIN	ankò
AGAINST	kont
AGENCY	ajans
AGREE	dakò
AID	èd
AIR	lè
AIR-CONDITIONING	èkondisyonè
AIR FORCE	èfòs
AIR LETTER	lèt pa avyon
AIRLINE	konpayi avyon
AIRPORT	ayewopò
AISLE	koulwa
ALIEN	etranje
ALL	tout
ALONE	poukont
ALOUD	fò
ALTERATION	reparasyon
ALTHOUGH	byenke
ALTOGETHER	tout ansanm
ALWAYS	toujou
AMBULANCE	ambilans
AMERICAN	ameriken
AMOUNT	kantite
AMUSEMENT	amizman
AND	ak
ANGRY	fache
ANIMAL	animal
ANOTHER	yon lòt
ANSWER	repons
ANXIOUS	enpasyan
ANY	nenpòt
ANYBODY	nenpòt ki moun
APARTMENT	apatman
APOLOGIZE	eskize
APPEAR	parèt
APPETITE	apeti
APPLE	pòm
APPLY	aplike, kole
APPOINTMENT	randevou
APPRECIATE	apresye
APPROVAL	konsantman

APPROVE	apwouve
APRIL	avril
ARCHITECT	achitèk
AREA	zòn
ARM	bra
ARMCHAIR	fotèy
ARMY	lame
AROUND	alantou, otou
ARREST	arete
ARRIVAL	vini
ARRIVE	rive
ARTHRITIS	atrit
AS	las
ASK	mande
ASPARAGUS	aspèj
ASSIGNMENT	responsabilite
ASSISTANT	asistan
ASTHMA	opresyon
ATHLETIC FIELD	teren espò
ATTACK	atak
ATTEND	asiste
ATTENTION	atansyon
ATTIC	galata, fetay
AUGUST	out, daout
AUNT	tant
AUTHORITY	otorite
AUTOMATIC	otomatik
AUTO MECHANIC	mekanisyen
AUTOMOBILE	otomobil
AUTUMN	otòn
AWARE	atansyon
AWAY	lwen

B

BABYSITTER	gadyen timoun
BACK	do, dèyè
BACK YARD	lakou
BAD	move, mechan
BAG	sak
BAGGAGE	malèt
BAKER	boulanje
BALL	balon
BALLOON	blad
BANK	bank
BARBER	kwafè
BARGAIN	likidasyon,
BARTENDER	bamann
BASE	baz
BASEMENT	sousòl
BASKET	pànye
BATH SOAP	savon deben
BATH TOWEL	sèvyèt deben
BATHROBE	dezabiye
BATHROOM	twalèt
BEAT	bat
BEAUTIFUL	bèl
BEAUTY	bèlte
BED	kabann
BEDROOM	chanm
BEDSPREAD	kouvreli
BEEF	bef
BEET	bètrav
BEFORE	anvan
BEHAVIOR	konpòtman
BEHIND	dèyè
BELIEVE	kwè

BELONG	pou
BELOW	anba
BELT	senti
BELTWAY	periferik
BENEFIT	benefis
BERMUDA SHORTS	pantalon kout
BEST	meyè
BETTER	pi bon pase
BETWEEN	ant
BEWARE	atansyon
BICYCLE	bisiklèt
BIRD	zwazo
BIRTH	nesans, fèt
BITE	kout dan
BITTER	anmè
BLACK	nwa
BLACK PEPPER	pwav
BLACKSMITH	fòjwon
BLANKET	kouvrèli
BLEED	senyen
BLIND	avèg
BLOOD	san
BLOUSE	kòsaj
BLOW	kou
BLUE	ble
BOAT	bato
BODY	kò
BOILING	bouyi
BOLT	boulon
BONE	zo
BOOK	liv
BOOKBAG	sak liv
BOOKBINDER	relyè
BOOKCASE	etajè
BOOKKEEPER	asistan kontab
BOOKSTORE	libreri
BOOTS	bòt
BORROW	prete
BOTH	toulede
BOTTLE	boutèy
BOTTLE OPENER	kle kola
BOULEVARD	boulva
BOWL	bòl
BOW TIE	wozèt
BOX	bwat
BOX SPRING	somye
BRACELET	braslè
BRAIN	sèvo
BRANCH	branch,
BRAVE	brav
BREAK	repo
BREAKFAST	manje maten
BREATHE	souf
BRIDGE	pon
BRIEF	kalson
BRIGHT	klere
BRING	pote
BROKEN	kase
BROOM	bale
BROWN	mawon
BRUSH	bwòs
BUCKET	bokit
BUILDING	bilding
BULLET	boulèt
BURN	boule
BURY	antere

BUS	otobis
BUS DRIVER	chofè otobis
BUS STATION	estasyon otobis
BUS STOP	arè otobis
BUSINESS	afè
BUSY	okipe
BUTCHER	bouche
BUTTON	bouton
BUY	achte

C

CAB	taksi
CAB DRIVER	chofè taksi
CABBAGE	chou
CALL	rele
CALM	kal
CAMERA	kamera
CAN	kapab, manmit
CAN OPENER	kle kola
CANTALOUPE	melon frans
CAP	kepi
CAPTURE	kenbe
CAR	oto
CARD	kat
CARDIOLOGIST	kadyolojis
CARE	swen
CAREFUL	fè atansyon
CARELESS	neglijan
CARPENTER	chapantye
CARROT	kawot
CARRY	pote, charye
CASE	ka, kès
CASH	kash
CASHIER	kesye
CAT	chat
CATTLE	bèf
CAULIFLOWER	choufle
CAUSE	kòz
CELEBRATE	selebre
CENT	santim
CENTER	sant
CENTURY	syèk
CEREMONY	seremoni
CHAIN	chenn
CHAIR	chèz
CHALK	lakre
CHANCE	chans
CHANGE	chanje
CHARGE	chaj
CHAUFFEUR	chofè
CHEAP	bonmache
CHECK	chèk
CHEERFUL	eksite
CHEMICAL	pwodwi chimik
CHEST	kòf lestomak
CHEW	moulen
CHICKEN	poul
CHILD	pitit
CHILDREN	pitit
CHISEL	sizo bwa
CHOOSE	chwazi
CINNAMON	kannèl
CIRCLE	sèk
CITIZEN	sitwayen
CITIZENSHIP	sitwayènte
CITY	vil

CITY HALL	lakomin
CIVILIAN	sivil
CLASSMATE	zanmi lekòl
CLASSROOM	klas
CLEAN	pwòp
CLEAR	klè
CLERK	sekretè
CLERK-TYPIST	daktilograf
CLIMB	monte, grenpe
CLOCK	revèy
CLOSE	fèmen
CLOSET	plaka
CLOTH	rad
CLOTHING	gadwòb
CLOUD	nwaj
COAL	chabon
COAST	lakot
COAT	manto
CODFISH	lanmori
COFFEE	kafe
COFFEE-POT	kafetyè
COLD	frèt
COLLEGE	kolèj
COLOR	koulè
COMB	peny
COME	vini
COME BACK	retounen
COME-BACK	retou
COMMANDER	kòmandan
COMMITTEE	komite
COMMON	komen
COMMUNICATION	kominikasyon
COMPANY	konpayi
COMPLETE	konplete
COMPLAINT	plent
COMPLETE	konplete,
CONCERT	konsè
CONDUCTOR	chofè
CONGRATULATIONS	felisitasyon
CONGRESS	kongrè
CONSTITUTION	konstitisyon
CONTINUE	kontinwe
CONTROL	kontwòl
COOK	kizinyè
COOL	fre
COOPERATE	kolabore
COPY	kopi
CORKSCREW	tounikè
CORN	mayi
CORNER	kwen
CORRESPOND	koresponn
COST	koute
COTTON	koton
COUGH	tous
COUNTRY	peyi
COURSE	kou
COURT	lakou
COUSIN	kouzen
COVER	kouvèti
COW	vach
CRAB	krab
CRASH	kolizyon
CREATE	kreye
CRIME	krim
CROSS	kwaze
CROWD	foul

CRUEL	sanginè
CRUSH	kraze
CUCUMBER	konkonb
CUFFLINKS	bouton pwayè
CUP	tas
CURRICULUM	kourikoulòm
CURTAIN	rido

D

DAM	dam
DAMAGE	dega
DANCE	dans
DANGER	danje
DANGEROUS	danjre
DARK	sonm
DATE	dat
DAUGHTER	pitit fi
DAY	jou
DEAD	mò
DEAF	soud
DEAL	okazyon
DEAR	chè
DEBT	dèt
DECEMBER	desanm
DECIDE	deside
DEEP	fon
DEFEAT	pèdi
DEFEND	defann
DEGREE	degre
DELICIOUS	koupe dwèt
DELIVERYMAN	moun ki fè livrezon
DEMAND	demand
DEMOCRACY	demokrasi
DENTIST	dantis
DEODORANT	dezodoran
DEPARTMENT	depatman
DEPARTMENT STORE	magazen
DEPARTURE	depa
DEPEND	depann
DEPOSIT	depo
DESCRIPTION	deskripsyon
DESERT	dezè
DESSERT	desè
DESTROY	detwi
DETAIL	detay
DETERGENT	detèjan
DEVELOP	devlope
DEVELOPMENT	devlopman
DIAPER	kouchèt
DIARRHEA	dyare
DICTIONARY	diksyonè
DIETICIAN	dyetetis
DIFFERENT	diferan
DIFFICULT	difisil
DIG	fouye
DILL	andiv
DIME	senkant kòb
DINING ROOM	salamanje
DINING TABLE	tabamanje
DINNER	soupe
DIRECTIONS	esplikasyon
DIRECTORY	lis
DIRT	salte
DIRTY	sal
DISCONTENTED	fache

DISCOVER	dekouvri
DISCUSS	diskite
DISEASE	maladi
DISHES	plat
DISHTOWEL	sèvyèt asyèt
DISINFECTANT	dezenfektan
DISTANCE	distans
DISTRICT	distri
DIVE	plonje
DIVIDE	divize
DOCTOR	doktè
DOG	chyen
DOLLAR	dola
DOOR	pòt
DOT	pwen
DOUBLE	doub
DOWN	anba
DOWNSTAIRS	etaj anba
DOWNTOWN	lavil
DRAFT	desen
DRAFTSMAN	desinatè
DRAWER	tiwa
DREAM	rèv
DRESS	rad
DRESS FORM	fòm rad
DRESSER	kwafez
DRESSMAKER	koutiryè
DRILL	vilbreken
DRINK	bwason
DRIVE	kondwi
DRIVER	chofè
DRIVE-IN	ak machin
DROP	gout
DROWN	nwaye
DRUG	medikaman
DRUGGIST	famasyen
DRUG STORE	famasi
DRY	sèk
DRY-CLEAN	drayklinin
DRYER	sechwa
DUCK	kanna
DULL	bòne
DUMB	sòt
DUMPLING	doumbwèy
DURING	pandan
DUST	pousyè

E

EACH	chak
EAR	zòrèy
EARLY	bonè
EARRINGS	zanno
EARTH	latè
EAST	lès
EASY	fasil
EAT	manje
ECONOMIST	ekonomis
ECONOMY	ekonomi
EDGE	arebò
EDUCATE	edike
EFFECTIVELY	efektivman
EGG	ze
ELECT	chwazi
ELECTRICIAN	elektrisyen
ELECTRICITY	elektrisite
ELEMENT	eleman

ELEMENTARY	elemantè
EMERGENCY	ijans
EMOTION	emosyon
EMPLOYER	bòs
EMPLOYMENT	travay
EMPTY	vid
END	fen
ENEMY	lennmi
ENERGY	enèji
ENGINE	motè
ENGINEER	enjenyè
ENGLISH	angle
ENOUGH	ase
